



## Bagay An Plis Pou Konsidere Ajoute nan yon Twous Atik Pou Ijans

- Medikaman ou ka jwenn sou preskripsyon ak linèt**
- Fòmila lèt pou ti bebe ak kouchèt**
- Manje pou bêt domestik ak dlo de rezèv pou bêt domesklik ou**
- Dokiman fanmi ki enpòtan tankou kopi kontra asirans, idantifikasyon ak dosye kont labank anndan yon bagay ki pòtab epi dlo pap ka mouye**
- Lajan oubyen chèk pou vwayajè ak monnen an pyès**
- Materyèl ki bay konsèy sou ijans tankou yon liv premye swen oubyen enfòmasyon ki sou [www.ready.gov](http://www.ready.gov)**
- Sak pou dòmi oubyen yon lenn cho pou chak moun. Konsidere pran plis dra si ou abite nan yon klima kote li fè frèt anpil**
- Rad pou chanje konplè avèk yon chemiz manch long, pantalon long ak soulye ki solid. Konsidere pran plis rad si ou abite nan yon klima kote li fè frèt anpil**
- Klowòks moun itilize nan kay ak kont-gout medikaman** – Lè ou te delye nèf pati dlo ak yon pati klowòks, ou kapab itilize klowòks la tankou yon dezenfekstan. Oubyen pandan yon ijans, ou kapab itilize li pou trete dlo ak 16 gout likid klowòks moun itilize nan kay pa yon galon dlo. Pa itilize klowòks ki pfafime, pwoteje koulè oubyen klowòks yo ajoute savon ladan li.
- Aparèy pou Etenn Dife**
- Alimèt anndan yon bagay dlo pap ka mouye**
- Pwodwi pou fanm ak bagay pou lijen pèsonèl**
- Kantin, gode ak asyèt an papye ak vesò an plastik, sèvyèt an papye**
- Papye ak kreyon**
- Liv, jwèt, "puzzles" oubyen lòt aktivite pou timoun**



Prepare. Plan. Stay Informed.®



# Lis Atik Pou Ijans



FEMA

[www.ready.gov](http://www.ready.gov)



## Atik yo Rekòmande Pou Mete nan yon Twous Pou Ijans de Baz:

- Dlo, yon galon dlo pa jou pou chak moun pou omwen twa jou, pou bwè ak fè swen lijèn
- Manje, ase manje ki pap gate fasil pou omwen twa jou
- Radyo ki mache ak pil oubyen avèk kout mannivèl epi yon Radyo Meteyo NOAA ki genyen alèt pou ijans ak pil de rezèv pou yo de
- Flach ak pil de rezèv
- Twous premye swen
- Souflèt pou siyale si ou bezwen sekou
- Mask pou pousyè, pou ede filtre lè ki kontamine ak kouvèti an plastik ak riban adezif pou pran refij-sou-plas
- Ti sèvyèt mouye, sak poubèl ak fisèl an plastik pou swen lijèn pèsònèl
- Kle oubyen pens pou fèmen sèvis publik yo
- Aparèy pou ouvri bwat manje (si twous la genyen manje an bwat)
- Kat jewografik zòn lan

**Avèk Kanpay Ready li a,**  
US Department of Homeland Security ap edike ak soutni ameriken yo pou yo franchi yon seri de etap senp pou yo ka prepare pou avèk reponn ak ijans ki kapab rive, tankou dezas natirèl ak atak teworis yo. *Ready* mande chak moun pou fè twa bagay kle: genyen yon twous ki genyen atik pou ijans, prepare yon plan ijans pou fanmi, ak rete enfòme sou tout kalite ijans ki kapab rive avèk repons ki koresponn ak yo. Tout ameriken dwe genyen kèk atik de baz nan men yo pou yo kapab kontinye viv pou omwen twa jou si ta genyen yon ijans.

Sa yo se lis kèk bagay de baz ke chak twous atik pou ijans dwe genyen ladan li. Sepandan, li enpòtan ke chak moun revize lis sa a ak konsidere kote yo abite avèk bezwen ke fanmi pa yo sèlman genyen pou yo kapab kreye yon twous atik pou ijans ki pral satisfè bezwen sa yo. An plis chak moun dwe konsidere genyen omwen de twous atik pou ijans, yon twous konplè pou lakay yo ak yon twous pòtab ki pi piti nan travay, machin, oubyen lòt kote yo pase tan.



  
**Ready**  
Prepare. Plan. Stay Informed.® **FEMA**